# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–15 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान संगठन–इसरो एल वी एम–थ्री प्रक्षेपण यान के छठवां मिशन एलवीएम–एम सिक्स पर जाये वाले क्रायोजेनिक इंजन क फ्लाइट एक्सेप्टेंस हॉट टेस्टिंग में कामयाब हो गइल हौ। ई परीक्षण तमिलनाडु के महेंद्रगिरि में इसरो प्रोपल्शन कॉम्प्लेक्स में कइल गइल। प्रक्षेपण यान मार्क–तीनो के रूप में जानल जाये वाले एल वी एम–थ्री इसरो के जरिया से विकसित तीन–चरण वाला मध्यम–लिफ्ट प्रक्षेपण यान हौ।

**********

प्रदेस के कई जगहिन पर होली के दुसरियो दिन्न तिउहार क उल्लास देखे के मिलल। मथुरा जिला के बलदेव में मसहूर हुरंगा में बड़हन संख्या में भक्त हिस्सा लेके अबीर गुलाल उड़वलें। रेवाज के मोताबिक कपड़ा पहिरले हुरियारिनों ब्रज के राजा श्री दाऊजी महाराज के ऐह उत्सव में हिस्सा लिहलिन। पीलीभीत जिला के ठाकुरद्वारा मंदिर में एकट्ठा हो के मेहरारू लोगि होली खेललिन। ऐह दौरान रेवाज के मोताबिक अदमी लोगि जंगल की ओरि चलि गइलें। ई रेवाज अजादी के पहिले अंग्रेजन के समय से चलल आ रहलि हौ। होली तिउहार बढ़िया से बितले पर कई जिला में आजु पुलिस के लोगि होली मनवलें। मऊ जिला में पुलिस अधिक्षक के मौजुदगी में पुलिस कर्मी लोगि नाचत गावत होली खेललें।

**********

होली तिउहार के बादि आजुओ काशी विश्वनाथ धाम में बड़हन संख्या में सरधालु पहुंचलें। ऐह मौका पर सरधालुअन क आसानी बदे खास इतिजाम कइल गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

**मंदिर में मंगला आरती के बाद से ही श्रद्धालु लम्बी कतारों में श्री काशी विश्वनाथ महादेव का दर्शन पूजन कर रहे हैं। श्री काशी विश्वनाथ धाम में पधारे प्रत्येक श्रद्धालु का स्वागत करने के साथ ही उनकी सहूलियत के सभी प्रबंध मंदिर न्यास की तरफ से किया जा रहा है स धूप के कारण श्रद्धालुओं को दर्शन करने में असहजता ना हो इसके लिए मंदिर प्रशासन ने पुख्ता इंतजाम मुहय्या करवाए। मंदिर न्यास द्वारा प्राप्त व्यवस्था को लाभप्रद बताते हुए भक्तो ने मंदिर न्यास को इसके लिए साधुवाद दिया। मनीष सिंह, आकाशवाणी समाचार वाराणसी**

**********

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर में जनता दरसन कार्यक्रम में लोगिन के समेस्या सुनलें। एगो रिपोर्ट–

**सभी के प्रार्थना पत्रों को संबंधित अधिकारियों को संदर्भित करते हुए त्वरित और संतुष्टिपरक निस्तारण का निर्देश देने के साथ सीएम ने लोगों को भरोसा दिलाया कि सरकार हर पीड़ित की समस्या का समाधान कराने के लिए दृढ़ संकल्पित है। दबंगों द्वारा जमीन कब्जा किए जाने की एक शिकायत पर मुख्यमंत्री ने पास में मौजूद प्रशासन व पुलिस के अफसरों को निर्देशित किया कि ऐसे मामलों में त्वरित एक्शन लिया जाए। इस दौरान मुख्यमंत्री ने करीब दो सौ लोगों से मुलाकात कर उनकी समस्याएं सुनीं। गिरीश नारायण चतुर्वेदी, आकाशवाणी समाचार गोरखपुर।**

**********

आजु विश्व उपभोक्ता अधिकार दिवस हौ। हर साल पनरह मार्च के उपभोक्ता अधिकार अउर उनकर सुरक्षा बरकरार रखले के जरूरति क याद दियावे बदे ई मनावल जाला। ऐह बरिस क विसय हौ सतत जीवन शैली के लिए न्यायोचित परिवर्तन। ऐह मौका पर एगो वेबिनार में केन्द्रीय उपभोक्ता मामिला के मंत्री प्रल्हाद जोशी कहलें कि सरकार ई सुनिश्चित करे बदे प्रतिबद्ध हौ कि उपभोक्ता भरामक दावा के खिलाफ जगरूक अउर सुरक्षित रहे। उहां के कहलीं कि सरकार उपभोक्ता लोगिन के संरक्षण के साथे उनकरे समृद्धियों पर ध्यान दे रहल हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी ऐह महिन्ना के तीस तारीख के आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम के जरिये लोगिन से आपन बिचार साझां करिहें। मासिक रेडियो कार्यक्रम क ई 132 वीं कड़ी होई। कार्यक्रम बदे लोगि आपन बिचार अउर सुझाव टोल फ्री नंबर एक आठ शून्य शून्य एक एक सात आठ शून्य शून्य पर दे सकेलें।

**********

सीतापुर जिला के तंबौर थान्हाक्षेत्र के शारदा नदी के रतनगंज घाट पे आजु भिन्नही एगो नाय पलटले से तीनि लोगिन क मउति हो गइल। नाय में एक दर्जन से बेसी लोगि एगो शव के अंतिम किरिया–करम बदे नदी पार करत रहलें कि नाय नदी में डूब गइल। हमरे प्रतिनिधि बतउलें हवें कि करीब आधा दरजन लोगि तैरि के बहरे आ गइलें। गोताखोरन के मददि से बचावल गइल लोगिन के अस्पताले में भरती करा दिहल गइल हौ।

**********

मौसम विज्ञान विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में कई जगहिन पर बिहने गरज चमक के साथे बौछार पड़ले क अनुमान जतवले हौ। विभाग चेतवले हौ की ऐह इलाकन में कुछु जगहिन पर बज्रपातो हो सकेला। एकरे बाद 21 ले मौसम लगतारे सुखा रही। विभाग के मोताबिक प्रदेस में अगिला 48 घंटा में अधिकतम अउर न्यूनतम तापमान में कउनो बदलाव नाही होई। एकरे बाद ऐह में पहिले दुइ से तीन डिग्री सेल्सियस क गिरावट होई अउर फेर दुइ से तीन डिग्री लगतारे बढ़ते रहले क अनुमान हौ।

**********